



FLORIDA DEPARTMENT OF
EDUCATION
fldoe.org



Soti nan Ansèyman Siperyè pou rive nan Travay

Re-adaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki gen andikap yo jwenn yon travay ki enteresan.

Divizyon Re-adaptasyon Pwofesyonèl (VR) la ap ede moun ki gen andikap, ki gen 14 zan oswa plis, jwenn, an konsève oswa avanse nan travay yo. Antanke yon divizyon Depatman Edikasyon Florida (Florida Department of Education) a, VR la angaje l pou l ede elèv ki Florida yo rantre sou mache travay la apre yo fin gradye nan yon enstiti ansèyman siperyè.

Preparasyon pou Inivèsite

Si w konte ale nan yon etablisman ansèyman siperyè, yon inivèsite oswa yon lekòl teknik pou prepare w pou travay, VR ka kapab ede w. Konseye VR yo ap travay ak Biwo Elèv Andikape yo pou yo kowòdone amenajman ou gen bezwen yo pou rive jwenn diplòm ou an oswa sètifikasyon ou la san pwoblèm. Anplis, VR la gen kapasite pou li bay asistans finansye ak moun ki elijib, k ap goumen nan objektif pou yo rive jwenn yon travay. Konseye VR yo ka sipòte w nan:

- Fè chwa karyè w

**VÈSYONAN
KARAKTÈ KI
GWO**

- Reprézante pwòp tèt ou
- Devlope konpetans pou lavi, nan kad preparasyon w pou w antre nan yon etablisman ansèyman siperyè
- Prepare egzamen pou w antre nan etablisman ansèyman siperyè yo
- Fòme w pou enskripsyon etablisman ansèyman siperyè yo
- Detèmine resous kominote yo
- Detèmine resous transpò yo
- Bati relasyon ak konseye etablisman ansèyman siperyè yo

Sipò pou aktyèl etidyan yo

Konseye VR yo ap gide epi bay konsèy ak moun ki kalifye ki bezwen èd pou yo adapte yo ak etid yo. Aprè gradyasyon w, VR la ka ede w prepare w pou w travay gras ak sèvis èd pou chache travay yo, ak akonpayman pou travay epi ak sèvis plasman yo.

Pou w aprann plis sou divizyon nou an ak sèvis nou ka bay yo, tanpri ale sou sit entènèt nou an: Rehabworks.org.

Kiyès ki kalifye pou sèvis VR yo?

Se yon konseye nan VR la ki detèmine kalifikasyon chak grenn moun. Pou ou kalifye pou sèvis VR yo, ou dwe gen yon andikap fizik ak/oswa mantal ki se yon gwo obstak ki anpeche ou jwenn travay, epi ou bezwen sèvis VR yo pou jwenn, kenbe oswa pwogrese nan yon travay oswa yon karyè. Si ou benefisye Asirans Andikap Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) oswa Revni

Sekirite Konplemantè (Supplemental Security Income, SSI) pou andikap ou a epi ou konte travay, ou ta sipoze kalifye pou sèvis VR.

Konbyen sa koute pou yon moun patisipe?

Konseye VR yo pale sou patisipasyon finansyè avèk kliyan yo pandan premye vizit yo a. Gen anpil sèvis VR ki gratis, men gen kèk sèvis ki mande pou patisipan an patisipe nan kèk depans pou sèvis la.

Ki jan mwen kapab aplike?

Kontakte biwo VR lokal ou a pou soumèt yon fòmilè oryantasyon. Ou kapab jwenn biwo lokal ou a sou RehabWorks.org.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850 - 245 - 3399
800 - 451 - 4327

Servicios de retransmisión de
video y retransmisión de Florida
711 disponibles



www.Rehabworks.org



Depatman Edikasyon Florida
Divizyon Reyadaptasyon
Pwofesyonèl
Programas de Empleo
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400



Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.